

**Konsèy Jistis Anviwònmantal**

**Reyinyon #1**

**Jedi 28 jiyè 2022**

**9:30-11:30 am**

**Pwosè Vèbal Reyinyon an:**

Kote reyinyon an fèt: Zoom webinar

Dokiman reyinyon yo: Ajenda, dyapozitiv prezantasyon yo

**Manm Konsèy la ki prezan:**

- Peter Maathey
- Namrita Kapur
- Madeline Cook
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Caroline Hon
- Ari Zorn
- Melissa Ferretti
- Patricia "Pat" Spence

*Okenn Manm Konsèy la pa te absan nan reyinyon sa a.*

**Anplwaye EOEEA ki te prezan**

- Sekretè Bethany Card
  - Rishi Reddi, Direktè Jistis Anviwònmantal
  - Vallery Cardoso, Direktè Adjwen Jistis Anviwònmantal
- 

**Ajenda:**

1. Byenvini pa Sekretè Card
  2. Konvokasyon ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon yo
  3. Entwodiksyon Manm Konsèy JA yo
  4. Prestasyon Sèman manm Konsèy yo
  5. Apèsi / Diskisyon sou Responsablite Legal JA a
  6. Prezantasyon ak Diskisyon sou Pwosesis ki Pwopoze pou Ranpli Responsablite Legal yo
  7. Revizyon Definisyon 'Popilasyon JA' nan MA
  8. Pwochen Etap ak Leve Seyans lan
- 

Reyinyon an te kòmanse a 9:44; Kòmansman an te retade akòz difikilte ak kanal entèpretasyon Vyetnamyen ak Kreyòl ayisyen, ki te sanble yo te rezoud nan kòmansman reyinyon an, men yon ankèt pi devan te montre se pa te sa. Kanal entèpretasyon yo te disponib avèk siksè pou Panyòl, Pòtigè, Kreyòl Kap Vèdyen ak Mandaren.

**Byenvini:**

Direktè ak prezantatè Jistis Anviwònmantal ("JA") EOEEA, Rishi Reddi, te bay publik la enstriksyon sou kanal lang ki disponib sou platfòm Zoom lan. Li te anonsé manm Konsèy Jistis Anviwònmantal la ("Konsèy") epi li te prezante Sekretè EOEEA Bethany A. Card.

Sekretè Bethany A. Card te akeyi manm konsèy yo. Li te eksplike ke Konsèy la gen manda pou l sèvi dapre Chapit 8 nan Lwa 2021 yo "Yon Lwa k ap kreye yon plan nouvèl jenerasyon pou politik klima Massachusetts." Pi lwen, Li te bay eksplikasyon sou wòl konsèy la pou konseye EOEEA ak biwo li yo nan ede devlope estrateji pou konbat chanjman klimatik, fè yon analiz konplè sou definisyon JA, ogmante vizibilite pwoblèm JA yo, epi bay konsèy ak rekòmandasyon a administrasyon an. Sekretè Card te mansyone kèk nan inisyativ ki te antreprann pa administrasyon an, ki gen ladan Gwoup Travay JA a. Li te pale sou enpòtans travay Konsèy la pral fè epi li te remèsy yo pou sèvis yo.

#### **Konvokasyon ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon yo:**

Rishi Reddi te bay publik la enstriksyon sou fason pou naviye sou platfòm Zoom lan. Li te mansyone ke sèvis entèpretasyon yo bay nan plizyè lang pou ankouraje patisipasyon publik enklizif e ke Konsèy la fonksyone dapre Lwa sou Reyinyon Piblik. Li te ale sou detay reyinyon an epi li te fè publik la konnen ke dyapozitiv prezantasyon an ki tradui yo pral disponib sou sitwèb Konsèy la pou telechaje nan yon delè rezonab.

#### **Entwodiksyon manm Konsèy yo:**

- **Madeline Fraser Cook** – Vis Prezidan Kòporasyon Sipò a Inisyativ Lokal yo.
- **Melissa Harding-Ferretti** – Prezidan ak Chairwoman Herring Pond Wampanoag Tribe. Li se tou yon manm eli nan Select Board pou vil Bourne.
- **Caroline Hon** – MA Chèf Estrateji ak Planifikasyon Rezo Gaz nan National Grid.
- **Namrita Kapur** – Travay nan filantropi epi li se yon konferansye nan Yale School of Management.
- **Lydia Lowe** - Direktè Egzekitif Chinatown Community Land Trust nan Boston.
- **Marcos Luna** – Pwofesè Jewografi ak Dirabilite nan Salem State University.
- **Peter Maathey** – Lidè Entegrasyon Inovasyon nan Pacific Life ak nan Konsèy Whittier Street Health Center.
- **Patricia Spence** – Prezidan Urban Farming Institute.
- **Ari Zorn** – Aktivis Anviwònmantal ak antreprenè Cannabis, Manm Konsèy Ekip Aksyon Anviwònmantal Berkshire (BEAT), ak Fondatè Friends of Smiley's Pond.

### Prestasyon Sèman manm Konsèy yo:

Sean Pierce te fè manm Konsèy yo prete sèman.

### Apèsi ak Diskisyon sou Responsablitè Konsèy la dapre E stati a:

Rishi Reddi te eksplike ke Konsèy la te kreye pa lejislasyon an nan bi pou yo bay EOEEA rekòmandasyon pou asire Prensip JA yo respekte. Li te li definisyon Prensip JA a dapre lwa a. Li te mansyone tou enpòtans patisipasyon siyifikatif publik la ki ta enflilyanse desizyon gouvènman an. Li te mete aksan sou kèk nan gwo inisyativ nan EOEEA (MEPA, CECP, Evalyasyon Enpak Kimilatif) epi li te endike Estrateji JA pou tout EEA a pral disponib pou kòmantè publik la byento. Li te li tou responsablitè espesifik Konsèy la.

Manm Konsèy yo te poze kesyon sou definisyon aktyèl Popilasyon Jistis Anviwònmantal la epi yo te diskite sou kèk nan difikilte ki ka prezan lè yo defini Popilasyon Jistis Anviwònmantal la. Konsèy la te diskite ki fòmil yo dwe konsidere pou defini Popilasyon Jistis Anviwònmantal la.

Namrita Kapur te poze yon kesyon sou pwoblèm ki t ap vini pou evalye definisyon JA a. Pa egzanp, nan vil Lexington gen yon Kominote JA, men Senatè Barrett nan Lexington di li pa sanble ak yon kominote. Rishi reponn ke li ta renmen pale plis sou pwoblèm sa a.

Lydia Lowe te mande poukisa revni medyan yon minisipalite (4<sup>yèm</sup> kritè nan definisyon JA) enpòtan. Lydia tou mansyone kritè yo "minorite yo genyen 40 pouzan oswa plis nan popilasyon an", ki deklare ke anpil kominote ap vin dispèse. Rishi te reponn ke kòmantè sa a gen rapò ak kesyon Namrita an tèm de balans ki genyen ant revni ak popilasyon minorité nan yon katye. Nan ansyen definisyon JA a, te gen sèlman twa premye kritè yo.

Marcos Luna te soulve enkyetid ke revni eta lès ka pa konparab ak revni eta lwès. Anplis de sa, gen gwo varyasyon revni nan zòn ki pi piti yo, kidonk ki jan ou vini ak kritè ki koyeran pou varyasyon nan kominote yo?

Lydia Lowe te mansyone ke fòmil la ta dwe gen done demografik ki pi enklizif ki gen ladann yon analiz istorik, lè l sipoze ke yon pati nan definisyon an enplike nan ki nivo yon kominote te fè fas istorik a jistis anviwònmantal.

Rishi Reddi fè kòmantè ke nou bezwen konsidere ki jan popilasyon MA yo dinamik. Ki jan definisyon sa a pral egzat nan yon ane espesifik?

Ari Zorn mansyone baryè lengwistik ak lòt pwoblèm anviwònmantal tankou timoun ki pa ka jwenn aksè nan rivyè a pandan vag chalè, moun k ap viv nan zòn ki kontamine, ak aksè nan lojman.

Rishi te kòmante pwen Lydia te fè anvan an ke nou bezwen gade pwen istorik la nan yon kontèks enpak kimilatif, ki se fason nou ap gade nan pwoblèm pèmi ak lòt pwoblèm alavni nan ajans EOEEA yo.

Caroline Hon te mande pou konsidere kesyon an pou konnen si li pi bon pou yo pi laj nan yon fason ki pi enklizif nan definisyon an oswa kòmanse tou piti epi ajoute sou definisyon an ofiamezi Konsèy la ap pwogrese nan analiz li yo.

Rishi Reddi te fè Konsèy la remake ke lwa a egzije pou yon analiz konplè fèt chak 5 ane. Li te mansyone tou otorite Sekretè a pou retire Gwoup Blòk yo oswa sou-pati nan Gwoup Blòk yo nan idantifikasiyon kòm katye JA epi li kapab idantifye tou gwoup sou-blòk yo kòm katye JA sou demann rezidan yo.

Madeline Fraser Cook te fè kòmantè konsènan genyen yon pwosesis klè pou angajman kominotè enklizif ak opinyon kominote a epi byen konprann kisa angajman kominotè a ye epi ouvè ak kominote a sou kisa pwosesis sa a ye. Madeline fè kòmantè sou enpòtans fason yon kominote wè tèt li epi si manm li yo santi yo reflete nan definisyon an. Gen yon bezwen pou balans kalitatif ak kantitatif.

Vallery Cardoso te li yon kesyon yon manm publik la ki te tape nan bwat K&R Zoom lan. Kesyon an te mande ki moun ki te kreye definisyon JA a. Manm publik la fè kòmantè tou ke mo tankou "mank" sanble santré sou moun blan.

Marcos Luna te reponn ke gen yon politik JA depi 20 ane. Li te bay yon apèsi sou istwa definisyon an epi li te deklare ke definisyon orijinal la se done demografik, ki base sou estati minorite, revni, ak konpetans limite an angle.

#### **Diskisyon sou Pwosesis ki Pwopoze pou Ranpli Responsablite Legal yo:**

Rishi te deklare ke delè yo pwopoze pou konplete analiz konplè a se nan fen ane a epi li te enimere yon kantite desizyon lojistik ki te bezwen pran konsènan lè, kalite, frekans, kote reyinyon yo ak sèvis lengwistik ki disponib. Manm Konsèy la te dakò ak ajenda yo pwopoze a, men Manm Konsèy la Marcos Luna, te soulve enkyetid ke delè a anbisye, epi yo ka bezwen plis tan pou pèmèt yon kontribisyón solid publik la epi diskisyon.

Melissa Harding-Ferretti te fè remake tou nou pral bezwen plis tan.

Madeline Fraser Cook ak Ari Zorn te dakò ak kòmantè Marcos Luna yo. Patricia Spence te eksprime preferans pou fè reyinyon ibrid pou manm Konsèy yo fè konesans an pèsòn.

Caroline Hon tou dakò pou genyen reyinyon ibrid la.

Peter Maathey te dakò ak ajenda a.

Lydia Lowe te fè kòmantè ke delè a bezwen pèmèt patisipasyon kominote a epi li te dakò pou reyinyon ibrid yo, ansanm ak lòt lè reyinyon yo.

Madeline Fraser Cook te ajoute kòmantè ke delè a agresif epi li ka bezwen revize epi sijere lòt delè pou nou enkli orè moun yo.

Rishi te mande Konsèy la si reyinyon yo ta dwe anrejistre. Lydia Lowe te eksprime preferans pou reyinyon anrejistre paske li déjà publik. Ari Zorn te eksprime preferans pou reyinyon anrejistre yo. Vallery Cardoso te fè remake ke kòmantè publik la nan bwat Kesyon & Repons la te eksprime sipò pou anrejistreman reyinyon yo.

Rishi Reddi mande Konsèy sou posibilité dat limit mitan mwa septanm lan. Peter Maathey te pwopoze kòmanse ak reyinyon de fwa pa mwa epi petèt redui li pou konsidere dat limit reyinyon an. Melissa Harding Ferretti te dakò.

Madeline Fraser Cook te pwopoze diminye dire youn nan de reyinyon chak mwa yo.

Patricia Spence te dakò ke yon reyinyon ta ka pi kout.

Lydia Lowe te mansyone ke de reyinyon pa mwa ka akablan lè I konsidere kantite travay ki pral bezwen fèt anvan reyinyon yo.

Atravè kanal Kesyon & Repons la, manm publik la te sijere ajoute yon liy telefòn paske sèten rezidan pa gen aksè a entènèt laj band epi, ajoute entèpretasyon an sou-titraj ak an ASL (Lang Siy Ameriken). Publik te fè remake tou ke yo ta dwe konsidere ke transpò ak kalandriye epi ibrid adistans la ta pi aksesib pou ASL.

Rishi Reddi te mansyone ke fòm opinyon publik la pral disponib byento sou sit entènèt Konsèy la epi li sijere pou publik la itilize fòm nan pou bay plis kontribisyon.

Publik la te bay lòt kesyon/kòmantè yo (kèk nan yo te eksprime dirèkteman pa manm publik la, pandan ke lòt yo te tape nan bwat K&R la epi Vallery Cardoso te li yo). Kesyon/kòmantè sa yo se:

- Pwochen reyinyon vityèl yo ta dwe gen ladan yon liy telefòn, entèprèt ASL, sou-titraj.
- Ou ka ajoute lang Swahili jan yo mande sa lè odyans publik afekte popilasyon sa a. Konsèy Planifikasyon Rejyonal Massachusetts Santral (CMRPC) fè sa nan zòn kote gen yon konsantrasyon rejyonal lang epi y ap antreprann pwogram rejyonal yo.
- Patricia Rocker te kòmante sou yon enkyetid ak reprezantasyon kominote endijèn yo. Li te deklare ke nou bezwen rekonèt gen yon gwo kantite kominote endijèn. Li te fè remake tou ke eta a bezwen pi bon reprezantasyon endijèn. Se pa sèlman konsantre sou Tribi ki

rekonèt nan nivo federal. Divès kominote endijèn yo ka separe pou plizyè rezon, epi estrikti istorik kèk nan kominote endijèn MA yo te dispèse. Li te deklare ke kèk gwoup endijèn pa santi yo byen reprezante pa Komisyon Massachusetts pou Afè Endyen yo.

- Kominote Koulè yo afekte yon fason dispwopòsyonèl pa polisyon anviwònman an ki depase inegalite revni.
- Kapasite pou kominote yo revize definisyon an esansyèl.
- Si w deside fè reyinyon an pèsòn, tanpri konsidere moun ki gen andikap yo.
- Tanpri konsidere reyinyon atravè eta a pou kominote riral yo gen aksè.
- Manm publik Alana Feaster- Si manm nan kominote a te vle soumèt papye bay konsèy la ki jan nou ta fè sa? Rishi te reponn ke sa a ka soumèt atravè fòm paj wèb Konsèy JA a, ki pral fonksyone byento.

#### **Eleman Aksyon yo:**

1. Konsèy pou konsidere patisipasyon publik la ak enflians li sou politik ak priz desizyon.
2. Konsèy pou konsidere definisyon Popilasyon Jistis Anviwònmantal an parapò ak Prensip JA yo.
3. Estrateji JA nan tout EEA yo pral disponib pou kòmantè publik la byento.
4. Konsèy pou fè deliberasyon pou òganize reyinyon nan kominote ki gen divès jeyografik atravè Commonwealth la nan pwochen reyinyon an.
5. Konsèy la ap delibere sou sistèm ibrid adistans la, kote, ak kalandriye reyinyon yo nan pwochen reyinyon an. Konsèy la ap diskite tou sou sèvis lengwistik, ASL ak disponibilité sou-titraj la.
6. EOEEA ap telechaje pwochè-vèbal reyinyon Konsèy la sou sitwèb la, ki gen ladan tradiksyon.

#### **Leve seyans la:**

Reyinyon te pran fen a 11:30 am. Yo pa t fikse yon dat presi pou pwochen reyinyon an. Vallery Cardoso pral voye sondaj kalandriye doodle bay Konsèy la pou pwograme pwochen reyinyon an.

#### **Rezime késyon yo soumèt atravè K&R sou Zoom:**

Q1. Èske reyinyon sa a pral anrejistre?

- A. Reyinyon sa a pa te anrejistre, men pwochen reyinyon KJA yo pral anrejistre.

Q2. Tanpri konsidere ASL ak sou-titraj.

- A. Tout pwochen reyinyon yo pral genyen entèpretasyon Lang siy Ameriken (LSA). Platfòm nan Zoom nan gen ladann sou-titraj. Anba ekran an, chwazi bouton "CC Live Transcript" epi chwazi "Show Subtitle".

Q3. Si ta gen yon demann espesifik pou yon lòt lang, èske konsèy la ta anvizaje ajoute li? Pa egzanp, si te gen yon enkyetid patikilye JA nan yon kominate ki pale Swahili, yon lang ki gaye nan Rejyon Worcester/ Central Mass. Nan CMRPC n ap tradui materyèl pou plan rejyonal nou an an Swahili. Mwen konprann defi resous limite yo.

- A. Wi, nan mezi resous yo pèmèt sa epi nan yon fason ki konfòm avèk politik aksè nan lang nou an, nou pral aksepte demann pou entèpretasyon ak tradiksyon nan lòt lang jiska 48 èdtan anvan reyinyon an kòmanse. Nou pral eseye satisfè demann ki vini nan mwens pase 48 èdtan anvan reyinyon an kòmanse.

Q4. Si w deside fè reyinyon an pèsòn, tanpri konsidere ke reyinyon adistans ak/oswa ibrid ka pi aksesib pou moun ki gen andikap. Pou reyinyon an pèsòn, tanpri konsidere alafwa sèvis LSA ak CART, opsyon transpò, distribisyon, elatriye.

- A. Nou nan pwosesis pou anboche yon konsiltan pou ede ak lojistik pou reyinyon ibrid. Nou prevwa reyinyon ibrid Konsèy JA a pral kòmanse nan fen mwa oktòb la. Konsiderasyon sa yo pral diskite ak konsiltan an yon fwa yo anboche li.

Q5. Si w fè reyinyon an pèsòn, èske w ta deplase reyinyon an atravè Commonwealth la pou nou ka rive jwenn kominate JA ki jeyografikman divèrsifye yo? Tanpri asire w ke ou konekte ak kominate riral yo. Band laj ka yon defi pou moun ki nan kominate riral yo.

- A. Reyinyon ibrid yo pral òganize nan diferan kote atravè Commonwealth la ak diferan opsyon pou patisipe nòmalman ak telefòn. Nou nan pwosesis pou anboche yon konsiltan pou okipe lojistik pou reyinyon ibrid yo pou asire yo osi aksesib ke posib, ak yon konsiderasyon pou zòn jeyografik divèrsifye yo nan Commonwealth la.

Q6. Mwen gen yon seri kesyon konsènan ak kòmantè/kontribisyon publik la: èske kòmantè yo voye atravè chat/K&R pral konpile epi enkli nan pwosè vèbal reyinyon an? Èske li ta posib pou rann kesyon yo publik olye pou yo vizib pou manm konsèy/anplwaye EEA yo sèlman? Èske anplwaye EEA ap reponn kesyon publik la ap poze yo nan mezi ke yo se kesyon anpirik/reyalite? Èske pwosè vèbal sa yo pral enkli sou sit entènèt la?

- A. Keson yo soumèt sou K&R yo vin piblik nan kare Zoom K&R sèlman yon fwa ke KJA a oswa nenpòt panelis reponn yo. Sepandan, tout kesyon yo te voye atravè K&R, kit yo te reponn yo kit yo pa t reponn yo pandan reyinyon an, yo rezime yo epi reponn yo isit la nan pwosè vèbal reyinyon an. Keson ki te repete yo te rezime nan yon sèl kesyon ki parèt nan pwosè vèbal sa yo. Yo ka mande moun k ap poze kesyon ki gen kesyon anpirik oswa reyalite espesifik pou yo soumèt kesyon sa yo atravè pwosesis soumisyon ki parèt sou paj wèb KJA a si yo pa gen rapò ak diskisyon KJA oswa akòz limit tan. Bwat soumisyon sou entènèt la tcheke sou yon baz woutin. Yo pral afiche pwosè vèbal yo isit la:  
<https://www.mass.gov/event/july-28-2022-meeting-of-the-environmental-justice-council-ejc-2022-07-28t093000-0400-2022-07-28t113000-0400>

Q7. Ki jan ou antre nan Konsèy JA a?

- A. Yo rekòmande moun nan Biwo Gouvènè a pou yo patisipe nan Konsèy JA a, epi yo sibi yon pwosesis apwobasyon ki gen ladann yon verifikasiyon antedesdan.

Q8. Poukisa yon otorize yon moun konpayi gaz nan yon Konsèy JA?

- A. Chak manm nan Konsèy JA a pote yon pèspektiv inik nan Konsèy la akòz divès eksperyans yo ak background yo. Reprezantan ki soti nan konpayi sèvis piblik yo ka bay yon pèspektiv lòt moun ka pa wè. Anplis de sa, sa a se yon opòtinite pou enplike sèvis piblik yo nan mete an aplikasyon prensip JA nan aksyon yo.

Q9. Depi Ma. Pòtay EEA pou lejislasyon sou Chanjman Klimatik ak Plan Aksyon Klimatik Barnstable County konsantre sou tè ak jiridiksyon Plan Oseyan Massa. kòmanse 0.3 mil nan tè a, ki responsab pwoblèm klimatik JA bè kotyè yo (0.0-0.3 mil apati de kòt la)?

- A. EEA gen yon Gwoup Travay Jistis Anviwònmantal (GTJA) ki gen reprezantan chak ajans ak biwo nou yo. Tyler Soleau ([tyler.soleau@mass.gov](mailto:tyler.soleau@mass.gov)), Direktè Asistan nan Jesyon Zòn Kotyè (JZK), se yon manm GTJA e li ka yon bon kontak pou ou.

Q10. Kiyès/ki kò ki te kreye definisyon popilasyon JA a, ki enkli lang ak mo yo itilize? Ki pwosesis pou modife lang lan pou l vin mwens baze sou defisi epi pou li plis enklizif? Mo tankou "mank" ak "minorite" yo baze sou defisi epi sантre moun blan.

- A. Definisyon popilasyon JA te evolye apati de travay Komite Konsiltatif Jistis Anviwònmantal Massachusetts la, ki te konvoke an 2000, answit te adopte nan politik EEA JA 2002 ak 2017, e li te kodifye nan yon fòm ki yon ti kras diferan nan *Yon Lwa ki kreye yon Plan Nouvel Jenerasyon pou Politik Klima MA* te adopte nan mwa mas 2021. Konsèy JA a gen responsablite pou l revize definisyon JA a.

Q11. Ki jan kominote yo elve pwojè ke nou espere konsèy sa a pral revize?

- A. Objektif prensipal KJA a, jan sa endike dapre lwa a se: "Pral gen yon konsèy jistis anviwònmantal pou konseye ak bay rekòmandasyon a sekretè enèji ak zafè anviwònmantal la sou politik ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònmantal la.... Konsèy jistis anviwònmantal la dwe fè yon analiz konplè... pou asire definisyon popilasyon jistis anviwònmantal la reyalize objektif prensip jistis anviwònmantal la." Sepandan, yo ka voye kesyon ak kòmantè sou pwojè espesifik yo bay KJA isit la: <https://www.mass.gov/forms/submit-a-question-or-comment-to-the-environmental-justice-council>

Q12. Fado enèjetik yo ta dwe yon varyab nan definisyon KJA. Nou gen diferans enpòtan nan revni ak pri lavi nan Massachusetts ki fè fado enèjetik la yon bagay ki merite eksplore.

- A. Mèsi pou kontribisyon sa a. Yo pral diskite sou fado enèjetik pandan KJA a ap kontinye konvèsasyon li yo.